

# Kesyonnè CRAFFT 2.1

Pou pasyan an reponn

Tanpri di **laverite** nan repons pou tout kesyon yo; repons ou yo pral rete **konfidansyèl**.

**Nan 12 MWA KI FENK PASE yo, pandan konbyen jou ou te:**

1. Konn bwè plis pase kèk gòje byè, diven, oswa nenpòt bweson ki gen **alkòl**? Reponn "0" si se non.

kantite jou

2. Sèvi ak **mariwana** (kanabis, lwil, lasi, ke ou fimen, vapè, tranpe, oubyen grenn) oswa "**mariwana sentetik**" (pa egzanmp "K2" oswa "Spice")? Reponn "0" si se non.

kantite jou

3. Sèvi ak **oken lòt bagay pou ka vin high** (pa egzanp, lòt dwog ilegal, ke ou manje medikaman san preskripsyon, ak bagay ou ka respire oswa huff, vapè, ou enjekte)? Reponn "0" si se non.

kantite jou

## LI ENSTRIKSYON SA YO ANVAN OU KONTINYE:

- Si ou mete "0" nan TOUT bwat ki anlè yo, **REPONN KESYON 4 PA ANBA, EPI SISPANN.**
- Si ou mete "1" nan youn oubyen plis pou **Kesyon 1, 2, oubyen 3** anlè, **REPONN KESYON 4-9 PA ANBA.**

**Antoure youn**

4. Èske ou te janm nan yon OTO epi chofè a (menm si se ou menm) te nan yon eta pou l "santi l ap plannen anlè (high)" oubyen chofè a te bwè alkòl oswa pwan dwòg?

**NON**

**WI**

5. Èske ou konn bwè alkòl oswa pran dwòg pou DEKONTRAKTE W, oswa pou w santi ou pi alèz ak tèt ou, oswa pou w fè tankou lòt moun ki avèk ou?

**NON**

**WI**

6. Èske ou janm bwè alkòl oswa pran dwòg pandan pa gen lòt moun avèk ou, kidonk pandan ou **POUKONT OU**?

**NON**

**WI**

7. Èske ou konn **BLIYE** sa ou te fè pandan ou t ap bwè alkòl oswa pran dwòg?

**NON**

**WI**

8. Èske **FANMI** oswa **ZANMI** ou janm di w li lè pou ou bwè mwens oswa pran mwens dwòg?

**NON**

**WI**

9. Èske ou janm gen **PWOBLÈM AK LÒT MOUN** pandan w ap bwè alkòl oswa pran dwòg?

**NON**

**WI**

## REMAK POU ANPLWAYE NAN KLINIK AK POU DOSYE MEDIKAL:

Enfòmasyon ki ekri nan paj sa a anba pwoteksyon règleman sou konfidansyalite (42 CFR, 2yèm Pati); règleman sa yo defann bay moun enfòmasyon sa yo, sòf si gen yon otorizasyon ekri dirèk pou sa.

© John R. Knight, MD, Boston Children's Hospital, 2020.

Reproduced with permission from the Center for Adolescent Behavioral Health Research (CABHRe), Boston Children's Hospital.

[crafft@childrens.harvard.edu](mailto:crafft@childrens.harvard.edu) [www.crafft.org](http://www.crafft.org)

For more information and versions in other languages, see [www.crafft.org](http://www.crafft.org).